

TATA PANGIBADAH GKJ KOTAGEDE

==== | Minggu, 06 September 2026 - Jam 06.30 (Minggu Biasa) | ====

Pamaosing pawartos pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

Prdt.: Pasamuwan ingkang kinasih, kanthi nyawiji ing manah sumangga kita lumebet ing pangibadah menika kanthi ngrepekaken **KPJ 2: 1,2 “Allah Mahasuci”**, kita repekaken kanthi jumeneng.

- 1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya. Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.
- 2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangsan dosa. Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayem. Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

VOTUM lan SALAM *(jumeneng)*

Pdt: Sumangga pangibadah punika sami kita sengker kanthi pengaken, Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tukung pitulungan kita.

Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sedherek sedaya. Amin.

KIDUNG PAMUJI *(lenggah)*

Imam: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita puji Asmanipun Gusti kanthi nngrepekaken **KPJ 5: 1,2 “Dhuh Pangeran”**

- 1) Dhuh Pangèran Ingkang Maha Suci, kula sami marek tetunggilan. Salir bangsa salumahing bumi amemuji mring asmané Gusti.
- 2) Gusti tresna mring kula sadaya, saking kilèn miwah saking wétan, sami nunggil klayan Sang Pamarta, Yésus Kristus kang dados Panutan.

PANGAKENING DOSA

Pdt : Sumangga kita tampi angger-angger katresnan saking Gusti kados ingkang sinerat ing **Mateus 22: 37-40**, ingkang makaten:

Paring wangsulane Gusti Yesus: “Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing

sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau.”

Pasamuwan ingkang kinasih, mboten wonten setunggal kémawon ing antawis kita ingkang saged netepi dhawuh punika kanthi sampurna. Kita langkung asring ngasihi dhiri kita piyambak katimbang ngasihi Gusti lan sesami, pramila mangga kita nélakaken keduwung lan pamratobat kita, kanthi pandonga sacara pribadi.

[Ening sawetawis / pandonga pribadi]

Pdt: Dhuh Gusti, makaten sadaya pangakening dosa-dosa kawula ingkang kawula unjukaken kanthi tulusing manah dhumateng Paduka. Kawula nyadhong sih-kawelasan Paduka. Mugi paring pangaksama. Amin.

KIDUNG PANELANGSA

Imam: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita nelangsani dosa-dosa kita, kanthi ngrepekaken kidung panelangsa saking **KPJ 51: 1,4 “Gusti Mugi Mirsanii”**.

- 1) Gusti mugi mirsani nggen kula kesrakatan. Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangeran. Nyuwun tulung, dhuh Allah mugi nglanting kawula sing sagung karibedan, dimenpulih lejara.
- 4) Gusti tukung kadarman, mugi mlasu mring kula. Uwala sing momotan wah kalis ing panggodha. Gusti tukung kraharjan kang kwasa mbirat dosa, mugi nucèkken kula, temah gesang sembada.

PAWARTOS SIH-RAHMAT lan PITEDAH GESANG ENGGAL

▪ Pawartos Sih Rahmat → Yehezkiel 33: 11

Pdt : *Sira tutura marang wong-wong iku: Demi Ingsun kang gesang, mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah, Ingsun ora ngarsakake patine wong duraka, nanging Ingsun ngarsakake pamratobate wong duraka supaya urip. Padha mratobata, padha sumingkira saka ing lakunira kang ala iku! Yagene sira bakal padha mati, he para turune Israel?*

▪ Pitedah Gesang Enggal → Rum 13: 10-11

Pdt : *Tresna iku ora nandukake piala marang sapadha-padha, mulane katresnan iku katetepane angger-anggering Toret. Prakara iki kudu koktindakake, awit padha sumurup kaanane wektu saiki, yaiku yen wis wancine kowe padha tangi. Sabab saiki karahayon wus luwih cedhak tumrap kita, katimbang karo nalikane kita lagi padha manjing pracaya.*

KIDUNG KASANGGEMAN (jumeneng)

Imam: Kita tanggapni pawartos sih rahmad saha pitedah gesang enggal saking Gusti punika kanthi ngrepekaken Kidung Kasanggeman saking **KPJ 69: 1,3 “Allah Mahakwasa Jumeneng Pamarta”**, kita repekaken kanthi jumeneng.

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta, sestu gung tresnanya, angruwat dosa. Salir tyang pracaya lamun tansah setya luar sing antaka, mlebet mring swarga.
Refr. Sung sembah puja konjuk Sang Rama, kang paring nugraha tentrem raharja. Sung sembah bekti konjuk mring Gusti, kang sampun nyawisi kamulyan swargi.
- 3) Gusti Mahaagung kang paring pitulung, nglipur manah sisah mrih datan semplah. Njangkung kagungannya, temah tansah begja, gesang mursid yekti dumugèng janji.**Refr...**

PALADOSAN PANGANDIKA (*lenggah*)

- **Pandonge Epiklese** (*nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)
- **Pamaosing Kitab Suci**

Pdt : Waosan Kitab Suci kapethik saking Rahayu ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti saha sami dipun estokaken. **Haleluya!**

J : (*ngrepekaken*) **Haleluya! Amin!**

- **Khotbah**
- **Wekdal Ening**

PISUNGSUNG PEPUJEN → “Puji Gusti Haleluya” dening Karawitan “Pusporeno”

PANDONGA SAFAAT kapungkasan **DONGA RAMA KAWULA** (*kakidungaken*)

♫ *Rama Kawula ing swarga, asma Tuwan kasucekaken, kraton Tuwan mugi rawuha, karsa Tuwan k'lampahan ing bumi kadosa ing swarga, paringana dinten niki, rejeki sacekapipun, apuntena lepat kula kados kula ngapunten ing tyang kang k'lepatan dhateng kula, sampun ngantos kawula kabekta ing panggodha, nanging mugi kauwalaken saking piawon, awit Tuwan kagungan kraton, saha wisesa, tuwin kamulyan, s'laminya, Amin.*

PISUNGSUNG SOKUR ~*dening pradata*~

- **Dhasar Pisungsung → Masmur 119: 36**

Manah kawula mugi Paduka adhepaken dhateng dhawuh pepenget Paduka, sampun ngantos dhateng pangoyaking bebathen..

▪ **Kidung Pisungsung → KPJ 172: 1,3 “Manungsa Nanem Wiji”**

- 1) Manungsa nanem wiji taberi ngrimati, nging tuwuh miwah suburnya Allah kang mberkahi. Pangeran paring jawah lan sunaring surya, temah mbiyet wohira kathah tan kinira.

Refr. Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.

Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.

Kantong pisungsung kaedaraken, kairing instrumen.

*Sasampunipun kantong kaedaraken, **Pasamuwan Tetep Lenggah** lan ngidungaken pada saklajengipun*

- 3) Atur panuwun kula konjuk mring Sang Rama de sampun paring nugraha sandhang miwah tedha datan saged winical krana kanthahira.

Pinujja Sang Rama Mamirah wah loma....**Refr**....

▪ **Pandong Pisungsung**

PANGAKEN PITADOS RASULI (*jumeneng*)

Imam: Pasamuwan kasuwun jumeneng.

Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang makaten: **Kawula pitados**.....

PANGUTUSAN lan BERKAH

Pdt: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti, dadosa seksinipun Gusti wonten ing pundi papan, lan panjenengan tampi berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunarakén cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu.” Amin.

KIDUNG PANUTUP

KPK 343: 1,2 "Purnaning Pangabekti"

(Kairing Karawitan “Pusporeno” GKJ Kotagede)

- 1) Pinujja nggih Allah Sang Rama wah Sang Putra lan Roh Suci purna pangabekti aneng greja ngrasuk gesang saben ari

Refr. Payo nindakna kang trusing ati sabdaning Gusti Sung gesang yekti sinartan dening berkahing Gusti sung sih rahmat mring sesami.

- 2) Pangabekti sestu pangibadah lamun Gusti kang den sembah kraharjaning pepadha den udi jagad ramya tentrem yekti ...**Refr**...